

# Retinopati Dyabetik

Dyabèt se yon maladi ki, avèk letan, kapab afefbli epi koze chanjman nan ti veso sangen ki nourri retin je yo ki sansib a limyè. Yo rele chanjman sa yo **retinopati dyabetik**, epi yo kapab afekte vizyon yon jan ki grav. Epi si maladi a pa trete, sa ka fè moun ki gen maladi a vin avèg. Li enpòtan pou w gen yon dyagnostik ak pou trete maladi a bonè. Se rezon sa a ki fè li enpòtan pou w fè yon pwofesyonèl ki pran swen je konsilte je w detanzantan, espesyalman si w se yon moun ki dyabetik oswa si gen moun nan fanmi w ki gen dyabèt.

## Deteksyon retinopati dyabetik

Dokte w va itilize yon enstriman ki rele yon oftalmoskop ki klere veso sangen ki nan je yo epi ki fè yo parèt pi gwo. Doktè a fè foto je a pou li ka jwenn plis enfòmasyon.

## Eta retinopati dyabetik okòmansman

Vizyon twoub nan mitan oswa sou kote je a. Malad la ka pa gen sentòm vizyèl ditou. Sa depann de ki kote chanjman veso sangen yo ap fèt nan retin lan.

## Pwogresyon retinopati dyabetik

Ou ka remake yon nwaj nan vizyon, tach blanch oswa kò etranje kap flote nan je a. Se san kap koule nan nouvo veso anòmal yo ki fè sa epi ki anpeche limyè rive nan retin la.

## Etap avanse retinopati dyabetik

Tisi sikatrisyèl konjonktif ki fòme lè yo konbinen ansanm ak nouvo veso sangen ki grandi yo koze defòmasyon anplis epi yo fè vizyon an vin pi twoub toujou. Avèk letan, tisi a ratresi epi li detache retin lan paske li rale l nan direksyon mitan je a.

## Tretman retinopati dyabetik

Aprè doktè a fin fè dyagnostik retinopati a, li ka itilize operasyon ak lezè epi lòt operasyon chirijikal pou redwi pwogresyon maladi sa a nan je a epi pou diminye risk pou pèdi vizyon an. Pwofesyonèl ki pran swen je a va esplike kalite tretman ki genyen yo epi kiyès ladan yo ki pi bon pou ou. Pwofesyonèl ki pran swen je a ka preskri aparèy pou ede ak vizyon ki ba, tankou lantiy teleskopik pou wè a distans, lantiy mikwoskopik, loup regilye epi loup elektwonik pou travay pre.

## Kisa w kapab fè?

Se pa tout maladi ki gen dyabèt ki devlope retinopati, men chans pou genyen l lan ogmante apre ou te gen dyabèt pandan plizyè ane. Prèy yo sijere faktè tankou gwoès, tansyon, ak fimen sigarèt ka fè moun ki gen dyabèt la devlope maladi nan je oswa fè maladi a vin pi mal.

*Li enpòtan pou pran prekosyon sa yo pou ede w anpeche devlopman retinopati dyabeti. Sa vle di, ou dwe:*

**Pran medikaman doktè preskri w yo jan yo di w pou w fè a.**

**Swiv rejim ki konvab la.**

**Fè egzèsis regilyèman.**

**Fè konsiltasyon nan je regilyèman.**

*Lè w fè sa, ou gen bon chans pou w jwi lavi w epi pou w gen bon vizyon ak bon sante nan lavi w.*



Blurred central or side vision (above) or a blind spot in central vision (below) may indicate diabetic retinopathy

